Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 47 (9957) 1 декабрь 2023 с. / Рузман 18 джумадул аввал 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

23.11. 2023 г. № 142

с. Дылым

**Об отмене особого противопожарного режима на территории Казбековского района**

В соответствии с Федеральным законом от 21.12.1994 № 69-ФЗ «О пожарной безопасности», в связи со стабилизацией пожарной обстановки и установлением благоприятных погодных условий на территории Казбековского района, администрация МР

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

Отменить с 20 ноября 2023 года особый противопожарный режим на территории Казбековского района.

Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации МР «Казбековский район» в сети Интернет.

Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации района Б.С. Нуцалова.

***Глава МР ’’Казбековский район’’ Г.Г. Мусаев***

## Аппаратальул данделъиялда...



28 ноябралда районалъул администрациялда тIобитIана аппаратальул иргадулаб данделъи. Ильяс Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана администрациялъул, гьелъул управлениябазул, отделазул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Гьединго, гьенир гIахьаллъана республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор Темирхан ХIасанов, гьесул заместитель Зикрула Ильясов ва рекламаялъулгун подпискаялъул отделалъул редактор ГIабаш ГIабашилов.

Данделъиялъул байбихьиялда кIалъазе рахъарал Т. ХIасановас ва З. Ильясовас районалъул жамгIият «ХIакъикъат» газета хъваялде ахIана. Гьезул кIалъаязулъ аслияб пикрулъун букIана магIарул миллат, гьелъул мацI, культура, гIадатал ва цогидал лъикIал рахъал цIуниялъе газеталъул бугеб кIвар бихьизаби.

Гьез абуралда тIасан гьабураб кIалъаялда ГьирисхаН Гьирисхановас абуна: *«ХIакъикъат», «Чапар» газетал ккола гIолеб гIелалъе миллат, рахьдал мацI цIуниялда тIад хIалтIулеллъун. Гьел хъвалеги, мацI, культура ва цогидал нилъее хасиятал рахъал цIунулелги гьечIони, нилъеда магIарулалин абизе бакIал хутIизе гьечIо»*,-ян.

Тадбиралъул аслияб хIалтIи байбихьилалде, И. Шабазовас, социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялъулъ рихьизарурал хIасилазда рекъон, нилъер район (мугIрузда цересел районазда гьоркьоб) кIиабилеб бакIалде бачIин данделъаразда баркана.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал аслиял суалазда тIасан кIалъаял гьенир гьаруна Юсуп Агиевас, Мансур Эмеевас ва МуртазгIали МухIамадовас.

Ю. Агиевас гьениб бицана районалда гьитIинабгун гьоркьохъеб бизнесазул хIалтIи гIуцIун бугеб къагIидаялъул. Гьес, цифрабаздалъун, гьенир рихьизаруна жалго жидедаго чIарал предпринимателаз гьарулел хIалтIаби ва формалияб гуреб хIалтIи гьабиялъулъ ругел законалъул нухде рачиналъе тIоритIарал тадбирал.

Гьес абуна: *«375 коммерческиял объектазул 355 объект законалъул къучIда хIалтIулел руго»*,-ян.

ХIисабалъулъе, цогояб пачалихъияб хъвай-хъваялъулъе ккечIел буголъиялъулал объектал тIатинариялда, гьел хъвай-хъвалде росиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана Мансур Эмеевас.

Гьес росабазул бутIрул ахIана бицаралда сверухъ гьабулеб хIалтIиялде цIикIкIараб кIвар буссинабиялде.

Балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб гьабураб хIалтIул, гьезул ихтиярал цIуниялъе тIоритIарал тадбиразул бицен гьабуна М.-гI. МухIамадовас.

Гьес абуна: *«Комиссиялъ, планалда рекъон, тIоритIизе тIаде росун рукIарал тадбирал тIоритIана, амма гьел тIоритIаразул цо-цояз хIисабкьеялъул материалал заманалда нижехъе щвезарулел гьечIо»*,-ян.

Данделъи ахиралде щвана жавабиял хIалтIухъабазе тIадкъаял кьеялдалъун.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## БАРКУЛА!



Политик, гIуцIарухъан, жамгIияв хIаракатчи, насихIатчи, хъвадарухъан Гуни росулъа Зикрула Зиявдинович Ильясов лъала нилъер районалъул гIадамазда гурев.

«Российялъул халкъалъул Ассамблея» ТIолгороссиялъул жамгIиябгун пачалихъияб гIуцIиялъул (ООГО) Дагъистаналда бугеб регионалияб отделениялъул председательлъун кколев Зикрула Ильясов рехсараб гIуцIиялъ лъазабураб «Миллаталъул чIухIи» жамгIияб премиялъул лауреатлъун вахъана.

Гьеб премия ккола граждания жамгIияталъул институтаз миллиял гьоркьорлъаби щула гьариялъул хIалтIи хIаракатаблъун гьабиялъе, батIи-батIиял жамгIиял багъа-бачариязулъ гIадамазул гIахьаллъи цIикIкIинабиялъе, культураялъулгун гIадатазул къагIидаби церетIезариялъе ва цогидалги лъикIалщинал рахъал лъикIлъизариялъе гIуцIараблъун.

Баркула З. Ильясовасда тIадехун рехсараб гIуцIиялъул лауреатлъун вахъин. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

## Эбелалъул Къо кIодо гьабуна

*ГIисиназги абула, эбел-эбелин абун,*
*Гьеб буго тIоцебесеб гьез тIолеб магIил горо.*
*ЧIахIиязги абула, эбел-эбелин абун,*
*Гьеб буго ахирисеб, хвалда цебесеб гьари...*
**Расул ХIамзатов**

Нилъер щивасул гIумруялъулъ эбелалъ хасаб бакI ккола. Эбелгун нилъер букIуна гьоркьобкъотIи ва хиси жиндие гьечIеб рокьи. КигIан кIудияб даражаялде вахарав инсан вугониги, гьесие, чара гьечIого, хIажалъула эбел, гьелъул хинлъи, гьими, гIакълу ва къварилъи ккараб мехалда гьелъие чучи, гьелъго батилин ккола эбел абураб рагIицин гьадигIан халкъалъе хирияб бугеб.

24 ноябралда районалъул культураялъул Централда тIобитIана эбелалъул Къоялда хурхараб байрам. Гьеб байрамалда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И. Шабазов, депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисхан Гьирисханов, районалъул руччабазул Советалъул председатель ПатIа Айтемирова, «Российялъул улбул» жамгIияб гIуцIиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул председатель Фатима Султанмурадова, лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профкомалъул председатель МухIамадапанди Дадаев, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби. Хасал гьалбаллъун гьеб данделъиялда рукIана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулел нилъер районалдаса гIолохъабазул улбул.



Тадбир рагьана ва данделъаразда байрам баркана И. Шабазовас. Гьес, XI.XI. Мусаевасул рахъалдасан, данделъаразе цIалана баркиялъул кагъат ва абуна:

*«Жакъа, нужедаго цадахъ, нижеца районалъул киналниги улбузда байрам баркулеб буго. Биччанте, нужер гьурмадаса киданиги гьими камунгутIизе, ва нужеда тIад кидаго роцIараб зобги кунчIараб бакъги рукIине. Ниж, бихьинал, нужер вацал, васал ва росал кидаго хIадурал руго нужее хъулухъ гьабизе ва нуж цIунизе»*,-ян.

Гьеб данделъиялда гIахьаллъарал улбузе, районалъул бетIерасул рахъалдасан, тIугьдул ва сайгъатал кьуна.

25 ноябралда гьединабго данделъи тIобитIана районалъул библиотекаялъул хIалтIухъабазги. СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал гIолилазул улбузе ва лъудбузе гIуцIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъарай районалъул администрациялъул аппараталье нухмалъулей Марья-Асият ХIамзатовалъ руччабазда байрам баркана, ва, районалъул бетIерасул рахъалдасан, гьезие сайгъатал кьуна.

Гьединго, байрамалда хурхарал батIи-батIиял тадбирал росабазул культураялъул хIалтIухъабазги тIоритIана.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 Форумалда гIахьаллъана
гьум. 3 Цоги къватIалде хъил тIуна
гьум. 4 Прокуратура информирует...

# Форумалда гIахьаллъана




ТIолабго Россиялда гьаб сон Расул ХIамзатовасул сонлъун лъазабун букIараблъиги, гьелда хурхун, киса-кирего батIи-батIиял тадбирал тIоритIараллъиги лъаларел ратизе гьечIо. Гьеб рахъалъ, узухъда, цебесеб кьерда рукIана нилъер республикаги Расулие гIагараб Хунзахъ районги. Абизе бегьула нилъер районги гьездаса нахъе ккараблъун букIинчIин. Сон байбихьаралдаса, нилъер районалъул киналниги гIуцIабазда тIоритIана Расулил гIумруялда, творчествоялда хурхарал батIи-батIиял тадбирал, ва гIуцIана хасал букIонал. Гьединго, нилъер культураялъул хIалтIухъаби, гIуцIабазул вакилзаби ва цогидалги гIахьаллъана районазул, зонаялъул, республикаялъул даражаялда тIоритIарал тIадехун рехсарал тадбираздаги.

Гьединал тадбиразул цояблъун букIанин абизе бегьула миллияб политикаялъулгун диназул ишазул министерствоялъ, «Росулъ эбелалъ кини кIибикIулеб буго…» цIаралда гъоркь, дагьал церегIан къояз тIобитIараб тадбирги.

МахIачхъала шагьаралъул «Россия-дир тарих» тарихияб паркалда тIобитIараб гьеб хурхинабун букIана эбелалъул къоялдаги. Нилъер районалдаса гьенир гIахьаллъана дунги, районалъул руччабазул Советалъул председатель ПатIа Айтемироваги, гьебго Советалъул член Хадижат МухIамадоваги, районалъул бетIерасул пресс-службаялъе нухмалъулей Наталья Качалаеваги, депутатазул Собраниялда цебе гIуцIараб гIолилазул парламенталъул член Диана МухIамадоваги, СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал рагъухъабазул цо-цо улбулгун лъудбиги.

Форум рагьиялъул кIалъаялда Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул председатель Интизар Мамутаевалъ, Расул ХIамзатовасул рагIабиги рехсолаго, баркала загьир гьабуна, ВатIан цIунулаго, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе, гIага-гIунтIаразе бахIарчиял рагъухъаби гIезе гьаруралъухъги сабруялда рукIиналъухъги. РДялъул бетIерасул рахъалдасан, тIадехун рехсараб ва форум гIуцIараб министерствоялъул министр Энрик Муслимовас данделъаразда баркана тIаде щолеб эбелалъул Къо. Гьес абуна: *«Жидерго хъизабазда лъималазе битIараб тарбия кьеялъулъ улбузул кIваралде бахунеб щибго гьечIо. Эбелалъул рокьи ккола бищунго къуватаблъунги гьелдалъун жиндиего пайда балагьулареблъунги. Гьанир гIодорчIун руго улбузул лъикIаздаса лъикIал, щай абуни, гьезул лъимал гIумруялдаса ратIалъана ВатIан цIунулаго, гьезул лъималаз цIунана ва цIунулеб буго гьелъул букIинесеб. Нужее къулула бетIер»*,-ан.

Форумалъул официалияб бутIа лъугIун хадуб, гьелъул гIахьалчагIазда цере музыкалиял номералгун рахъана Джамиля ХIамзатова, Зайнаб Махаева, Денис Федоренко ва Адиля Уцумиева, гьединго, гьенир кьурдаби рихьизаруна «Карачел» ва «Салам» ансамбляз. РакIалде ккола гьеб тадбир гьенир гIахьаллъаразул ракIазулъ халатаб заманалъ чIелилан.

***Марьям-Асият ХIамзатова,***
***районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулей***

# Тарих кIочонгутIи мурадалда…

Нилъер тарих, мацI, гIадатал ва гIумрудул цогидал рахъал чIахIияб гIелалда гIезегIанго лъалел рукIинги гIолеб гIелалъул гьеб киналдехунго чучаб бербалагьи букIинги балъголъилъун кколаро. Гьедин щай бугебали бичIчIунарев чиги нилъеда гьоркьов ватизе гьечIо.



Руго гIадамал, узухъда, гьел цереги рукIана нилъер миллаталъе хасиятал рахъал кIочене риччангутIиялда тIад хIалтIулел. Гьезул хIаракаталдалъун гуребани, кIвелароан цIунизе магIарулазе хасиятабщинаб.

СССР биххун хадуб, нилъеда бихьана кинаб даражаялде культураялдехун бугеб бербалагьи ккун букIарабали, амма заманалдасан нухмалъулезда бичIчIана гьедин букIиналъ кире рачине бегьулелали. Ахириял соназ, культураялъул кIалгIаби ва рукъзал къачIаялдаса байбихьун, тIалъиялда ругез хIаракат бахъана гьеб рахъалде бугеб бербалагьи кьучIдасанго хисизабизе.

Гьел хиса-басиял хъинтIана нилъер районалдаги. Гьезул хIакъалъулъ гьаниб бицен гьабизе хIажат гьечIо, гьел рехсана районалъул СМИязда ва Интер네талъул батIи-батIиял сайтазда.

Ахирияб заманалда районалъул гIуцIабазда тIоритIулел тадбиразда гIезегIанаб тIадчIей гьабулеб буго тарих лъазабиялдаги гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялдеги. Гьай-гьай, гьединал тадбирал тIоритIула Гуни росдал гIуцIабаздаги. Гьелъие гIемерал мисалал рачинеги бегьула, амма гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго дагьал церегIан къояз росдал гимназиялда, «Росдал тарих» цIаралда гъоркь, тIобитIараб тадбиралъул хIакъалъулъ.

Росдал тарих гIадамазда, гIолеб гIелалда лъазабиялда тIад нижер гIезегIанал лъай бугел гIадамал хIалтIулел руго, амма гьезда гьоркьоб хасаб бакI ккола тарихалъул гIелмабазул доктор ХIайбула МухIамадсалихIовас. Гьес хъварал батIи-батIиял статьябазулги, риччарал тIахьазулги, гьарурал видеофильмабазулги сияхI халатаб буго.

Рехсараб данделъи тIобитIараб къоялъги гьенир гIахьаллъана росдал хараби, гIолилал, цIалдохъаби ва цогидалги. Данделъиялъул аслияб рахъ ккураллъун рукIана росдал цебесеб ва гьанжесеб гIумруялда хурхарал видеороликал ХIайбулаца данделъаразда рихьизариги, гьелъул тарихалда хурхун, гьес гьабураб кIалъайги.

Хадур кIалъазе рахъарал Сайрудин НургIалиевас (районалъул харабазул Советалъул председатель), МухIамад Шайиховас (гимназиялъул директорасул лъайгун тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель), Мажид Меджидовас (тарихалъул мугIалим, гIагараб ракь лъазабиялъул хIаракатчи), ГIабас Айтимировас (захIматалъул ветеран) ва цогидазги тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана росдал тарихалъул, гьеб гIадамазда лъазабиялъулъ ХIайбулаца лъураб кIудияб бутIаялъул ва гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъе гьелъул бугеб кIваралъул.

Данделъиялда гIахьаллъаразул, росдалго жамагIаталъул рахъалдасан ракI- ракIалъулаб баркала гьез загьир гьабуна ХIайбулаеги гьеб тадбир гIуцIиялда тIад хIалтIаразеги.

КIалъазе рахъараз тIадчIей гьабуна росдал тарих лъазабиялда, гьеб кIочене биччангутIиялда, гIолеб гIел умумузул лъикIал гIадатазда куцаялда, жамагIаталъул цебесеб кьерда ругез бахъулеб хIаракаталда, гьединал тадбирал хадусанги тIоритIизе ккеялда ва гьезул цIикIкIараб пайда букIиналда.

Гьеб тадбир тIадегIанаб даражаялда нухда араблъиялъе нугIлъи гьабула гьенир гIахьаллъараз кьурал гIемерал суалазги гьезие щварал чIванкъотIарал жавабазги.

РакIалде ккола тадбир гIуцIиялда нухда анин ва гьедин букIиналъе гьеб гIуцIараз кинабго гьабун бугоанин. Гьеб бихьулеб букIана, данделъи лъугIун хадусанги, гьелъул гIахьалчагIаз цоцазе бицунелъулъги гьезул гьурмазда бихьулеб разилъиялъулаб кунчIиялъулъги.

***Загьра УмалхIатова, Гуни росу***

*15 ноябрь-армиялде ахIулезул Къо!*

# Байрам кIодо гьабун…

Нилъеда лъала армиялде гIолилал ахIиялъул ихдалил ва хаслихълъиялъулгун хасалил кампанияби тIоритIулеллъи. Гьел районалда тIоритIиялъул хIакъалъулъ, гIатIидго, районалъул информациялъулал алатаз бицуна ва хъвала. 1992 соналъ Россиялъул Президент Б. Ельциница бахъараб Указалдалъун, 15 ноябрь армиялде ахIулезул ТIогороссиялъул къолъун лъазабун буго.

РакIалдаса унаро СССРалъул заманалда гIолилал армиялде тIоритIулел раялъул Централда тIобитIана армиялде ахIулезул къоялда хурхараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана РУОялъул начальникасул заместитель Сайгибат Гереханова, рагъулаб комиссариаталъул гIолилал хIадуриялъулгун армиялде ахIиялъул отделениялъул начальник АхIмад АтавхIажиев, Калининаул росулъа СВОялъул гIахьалчи Камал Магиров ва районалъул лъайкьеялъул гIуцIабаздаса 10-11 классазул цIалдохъаби. С. Герехановалъ, А. АтавхIажиевас ва К. Магировас цIалдохъа баздехун гьарурал кIалъаязда тIадчIей гьабуна жакъасел цIалдохъаби метерисел рагъухъабилъун рукIунеблъиялда, гражданияб налъилъун гуребги, рагъулаб хъулухъ тIубазаби хIурматияб ишлъун кколеб букIиналда ва гьелде кидаго хIадур рукIине кколеблъиялда.



рукIарал къагIидаби. Армиялъул мухъилъе вас ахIулел хъизабаз тIубарал бертаби гIуцIулаан. Гьенир гьезул гIага-гIунтIарал, гьудулзаби гурелги, тIолабго росдал гIадамал гIахьаллъулаан ва гьез гIолилав нухда тIовитIулаан. Армиялдаса тIадруссараздаги, рехсарабго къагIидаялъ, дандчIвай гьабулаан. Цоги, тIадруссараз гIезегIанал къояз рагъухъанасул форма тIаса бахъуларoан, гьелдасан киназдаго бичIчIунаан, тIадаб налъиги тIубан, гьел тIадруссараблъи.

Къокъгьабун абуни, дол сонал рукIана киналъулго къимат гьабулеллъун.

Доб заманалда гIадин, гIатIидго кIодо гьаричIониги, гьанжеги батIи-батIиял байрамал тIоритIула. Гьедин гьабиялъе, доб заманалде данде ккун, жакъа гIатIидал ресалги руго.

Дагьал церегIан къояз, лъайкьеялъул управлениялъулги лицеялъулги хIаракаталдалъун, районалъул культу-

Гьез, цояс гIадин, ВатIан цIунизе, тIадаб налъи тIубазе унел даимго къиматалда рукIараблъиялъул пикруги загьир гьабуна.

Абизе ккола тIолазего лахIзат щвараблъун гьениб букIанин лицеялъул цIалдохъан Купайрат ХIамзатовалъ Калашниковасул автомат цоцалъа бахъигун бакIари 26 секундалда жаниб тIубазаби.

Байрам кIодо гьабиялъул тадбир берцин гьабураллъун гьенир рукIана лицеялъулги районалъул лъималазул искусствоялъул школалъулги цIалдохъабазул цере рахъинал.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

***Инсан ва гІумру***

# Руго Казбекалда жеги бахІарзал



Казбекалъул ракь кидаго бечедаб букIана бахIарчиял ва бажари бугел гIадамаздалъун. Гьенир рижана ва гIуна Россиялъул бахIарзал: Юрий Салимханов, Арзулум Ильясов ва МухIамадказим Гъайирханов, генералал: Адам Памирилаев, Салман ХIажимухIамадов ва Пабдулхlаким ХIажиев, политикал-Пачалихъияб Думаялъул депутатал: ХIапизат ХIамзатова, ХIажи МахIачев, Адам Памирилаев, Сайгидпаша Пумаханов ва Пабдулхlаким ХIажиев, РСФСРалъул Верховнияб Советалъул депутат СагIидат Дерметханова, эркенаб гугариялъул рахъалъ, Олимпиялъул, Европаялъулгун дунялалъул батIи-батIиял хIаязул чемпионалгун призёрал: Мавлет Батыров, Мурад Пумаханов, Данияял ХIажиев, Багьавдин Пумаханов, МахIмуд МухIамадов, АхIмад ХIажимухIамадов ва Къурбан Шираев.

Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьараб заманалдаги Казбекалъул гIолилазул гIезегIанаб къадар ана гьениб тIадаб рагъулаб налъи тIубазабизелъун, ва гьезда гьоркьор бахIарчилъи бихьизабурал руго.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго рехсараб операциялда гIумруялдаса ватIалъарав ва гьениб бахIарчилъи бихьизабурав Казбек районалдаса ХIосен Маликовасул хIакъалъулъ.

ХIосен гьавуна 1987 соналъ Дилим росулъ Насирдин ва Пайшат Маликовазул хъизаналда. ХIосенил вацал: Ислам ва ХIасан СВОялъул гIахьалчагIилъун ккола. ХIосенилги гьесул лъади Маймунат Джамалудиновалъулги (гьей ккола ЛъаратIа районалъул Бежуда росулъа) кIиго лъимер (васги ясги) руго.

2005 соналъ росдал лицеялда 11 класс лъугIарав гьев армиялъул мухъилъе ахIана. Рагъулаб хъулухъалда рукIарал гIадлу-низам, режим ва хьвада-чIвадиялъул къагIидаби рекIее гIурав ХIосен, къотIи-къайги хъван, 2008 соналъ гьеб хъулухъалде тIадвуссана. Гьенив гьев лъукъунги вукIана. КъотIи-къаялъул заман лъугIарабго, ХIосен гIагараб росулъе тIадвуссана ва пластикаялъул къайи-цIа гьабулеб цехалда хIалтIизе лъугьана.

2022 соналъ ХIосен, мобилизация лъазабиялдалъун, цIидасан рагъулаб хъулухъалде ахIана. СВОялда ккараб цо тунка-хIусиялъулъ гьев лъукъана, ва рагъун сахлъун хадув, жинцаго хъулухъ гьабулеб букIараб частальде тIадвуссана. Гьев «Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ» медалалъе мустахIикълъана.

2023 соналъул 12 июналда (гьеб ХIосен гьавураб къолъун ккола), гIагарда кьвагьараб гумпараялъул кесекги щун, ХIосен гIумруялдаса ватIалъана.

Гьев гIумруялдаса ватIалъараб къоялда хурхун, Маймунатица бицана: *«Гьеб къоялъул радал ХIосеница дихъе ахIун бачIана, амма гьениб букIараб кьвагьа-гIанхьиялъ, мукъсан гурони, абураб рагIине толеб букIинчIо. Гьаб хъуй-хъай дагьлъарабго дица духъе ахIилинги абун, гьес кIалъай гьоркьоб къотIизабуна. Дун, лъималгун цадахъ, тIубараб къоялъ гьес ахIиялъухъ балагьун чIун йикIана, лъималазе цIакъ бокьун букIана инсуда гьаврураб къо баркизе. Ясалъ рукъцин къачIан букIана гьесда хIадурлъи бихьизабизе, ва гьелъ ниж гьенире риччалел рукIинчIо, амма ХIосеница ахIун бачIинчIо. Дица ахIаралъеги жаваб щвечIо. Дол къояз дир рекIелъе цо кинабалиго рахIатхвей рещтIун букIана. ХIежалде ине хIадурлъулей йикIаниги, дир рекIелъа пашманлъиялъулаб пикру нахъе унеби букIинчIо, нухде яхъиналде цебе (17 июналда хIежалде роржине ккола) хъахIаб горде босизе арай дица, дидаго лъачIого, бецIаб кьераlъулаб босун батана.*

*13 июналда дун шагьаралде ана. Гьениб хIежалде унезул собрание тIобитIизе ккола. Дица ХIосенил эбелалъухъе ахIана, божи букIана гьелдагIаги ХIосен кIалъан ватилин, амма гьелдаги щибниги лъалеб гьечIоан. Гьелдаса хадуб дун ХIосенил инсуде, вацасде, цадахъ рагъулаб хъулухъалда вугесде кIалъана, амма гьезулги дие жаваб щвечIо. Гьеб киналдаго хадусан дихъе ХIосенил яцIалалъ ахIун бачIана.*

*Гьелъ дида абуна мун, хехлъи гьабун, ХIосенил эбел-инсуде тIаде щвезе кколилан (нижеца Богатырёвка росулъ яшав гьабулеб букIана). Гьелъие гIилла гьикъидал, гьелъ абуна, ХIосен, лъукъизеги лъукъун, больницаялде ккун вугилан. Больницаялде ккарав ХIосенил эбел-инсухъе щун, дица щиб гьабизе бугебан цIехедал, гьелъул гьаракь хисана, ва дида ракIалъ бицана цо балагь нижеда тIаде бачIун букIин. Дун нухде лъугьана, ва, лъалхъи гьечIого, ХIосенихъе ахIулей йикIана, амма дие кинаб букIаниги жаваб щолеб букIинчIо. БакIалде щведал, дида бичIчIана живго гьавураб къоялъ дир рос ХIосен гIумруялдаса ватIалъарабльи. Гьев росдал хабалалъ вукъана»,-ян.*

СВОялда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ХIосен «БахIарчилъиялъул» орденалъе мустахIикълъана. Дагъистаналъул цолъизабураб ополчениялъул Союзалъ ХIосение «Салатавиялъул БахIарчи» цIарги кьуна.

Гьединго, гьесул цIар росдал цо къватIалъеги кьун буго.

Гьеле, гьединав вукIана Дилим росулъа ХIосен Маликов.

Аллагьас ХIосенилги СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал цогидал Казбек районалъул гIолохъабазулги мунагьал чураги, нилъ тIолазего лъикIабщинаб хъванги батаги.

***Сулайман МухIамадов, МахIачхъала шагьар***

***3 декабрь-инвалидазул Къо!***

# Росдал цоги къватIалде хъил тIуна

Нилъер информациялъул алатазда (ЕИЦ, «Чапар» газета) гIемер бицуна ва хъвала районалда гьарулел киналниги лъикIал ишазул хIакъалъулъ.

Гьел ишазул цояблъун ккола абизе бегьула Дилим росдал Гъазимухlамад наибасул цIаралда бугеб къотIноб хъилтIей.

Гьениб яшав гьабун йигей, ва каляскаялда гурони, къватIие яхъине рес гьечIей гIолохъанай ясалъул гьариялдалъунги, гьенир ругел гIадамазул кумекалдалъунги, районалъул администрациялъул нухазул фондалъул сурсатаздалъунги хъил тIураб къватI рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъана Зикрула Эмеев (районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель), ХIамзат ХIадаев (архитектураялъулгун бакIалраялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник), Арсен Магьдихановa (Дилим росдал администрациялъул бетIер), «МархIаба» бакIалраялъул компаниялъе нухмалъулев Ильяс Садыкъаев ва гьеб къотIноб яшав гьабун ругел гIадамал.

Гьениб З. Эмеевас абуна: *«Гьаниб хъил тIей ккола началихъалъгун гIадамаз, цадахъ рекъон, гьабураб хIалтIул хIасиллъун. Баркала буго гьаб хIалтIи нухда иналъе квербакъарал спонсоразеги хъил тIеялда тIад хIалтIаразеги»,-ян.*

Цоги, нилъеда лъала хъил тIеялъ, гIадамазе гуребги, къотIносан унебщиналъе санагIалъаби чIезарулеблъи. Цеехун рехсарай гIолилалъе гьанже заманалъулаб токалъ бачунеб коляска сайгъат гьабуна тIадехун рехсарав И. Садыкъаевас.

Гьеб кинабго гьабуралда хурхун, гьей гIолилалъул эбел Наида МухIудиновалъ абуна: *«Ниж цIакъ рохана нижер къотIнобе хъил тIеялдаса. РакI-ракIалъулаб баркала буго хъил тIезе квербакъарал районалъул администрациялъе, мадугьалихъ ругел гIадамазе, хасго ХIажибег Мансуровасе, И. Садыкъаевасе ва гьеб ишалда кверчIварал тIолазего. Нижеда киданиги кIочене гьечIо рехсарал киназго гьабураб лъикIлъи»,-ян.*



***«Салатавия» сеталдаса босараб***

# «ТIоцересезул багъа-бачари» муниципалияб форум тIобитIана

Дагъал церегIан къояз Ленинаул росдал №3 гьоркьохъеб школалда, тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, форум тIобитIана.

Район цебетIезабиялъулъ гIахьаллъиялъе гIолилазе рес кьолеб багъабачариялъул тадбиралда гIахьаллъана 200-ялдаса жидер къадар цIикIкIарал мугIалимзабигун цIалдохъаби.



Гьеб тадбир рагьиялъул кIалъаялда тарбия кьеялъул рахъалъ РУОялъул начальникасул заместитель Сайгибат Герехановаль абуна: *«ХIаракатал, жидер мурадал тIураялда тIад хIалтIулел гIолилал ккола районалъул, республикаялъул ва улкаялъул букIинесеблъун. Дица нужее гьарула гьарулел ишазулъ церетIеялгун битIккеял»,-ан.*

Данделъиялъул гIахьалчагIилъун рукIана «ТIоцересезул багъа-бачари» регионалияб отделениялъул специалистал: Алёна Палибутаева, Олеся Рясная, Асият Абакарова, Амина Писабекова, Рамазан ХIасанов, Раджаб Нажмудинов, Зелимхан Бутушов, Дербенталъул, гьелъул районалъул, Пахьвахъ, Кули районазул вакилзаби ва цогидалги.

Гьединго, гьенир гIахьаллъана ЦТКНРалъул хIалтIухъаби, районалъул лъималазул творчествоялъулгун искусствоялъул школазул цIалдохъаби, Дилим росдал «Къункъра» лъималазул ахалъул гьитIичал, МДЮСШялъул, ЕИЦялъул ва лъайкьеялъул гIуцIабазул вакилзаби.

Форумалъул хIалтIи байбихьана гьитIинабго концерталъулаб программаялдалъун.

Хадусан гьенир тIоритIана кIалъаял, командабазулал гIуцIиял, интерактивиял площадкаби: волонтёрлъи, жалго разилъун, гьарулел хIалтIаби, культурагун искусство, гIелмугун технологиял, патриотизм ва тарихияб ракIалдачIей, захIмат, махщел ва тIаде босараб иш, туризм ва тира-сверизе рахъин, пайда цIикIкIараб къагIидаялда, гIумру нухда тIами, лъай боси, медиалиялгун коммуникациял, экологиягун тIабигIат цIуни, дипломатия ва г ь.ц. ЦIалдохъабаз гьенир цере рахьана жидерго проекталгун хIалтIаби.

Гьезда цадахъго, гьез гьенир рихьизаруна жидецаго гьарурал батIи-батIиял тIагIелал, рахъарал суратал, тIоритIана кучIдул ахIиялъулгун кьурдабазул церерахъинал.

Лъималазул лекциябаз, викториназ, мастер классаз, тренингаз, презентациябаз, дискуссияз, конкурсаз ва цогидалги ишаз гьезие рес кьуна хIалбихьиял цоцахъе кьезе, гьудул-гьалмагълъиялъулал бухьенал чIезаризе ва гьел щула гьаризе.

Данделъиялда «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъулъе росана жигарал цIалдохъаби ва гьез гьелъие ритIухъялъул гьа бана. Гьел гIахьаллъана «Рагъухъанасде кагъат», «ЛъикIлъиялъул кагъат», «Гьудуласе тIехь» ва цогидалги акциябазда. Данделъиялъул кIиабилеб бутIаялда цIалдохъаби дандчIвана СВОялъул гIахьалчагIи: ХIадис МухIамадовгун, Султанбег Шихмурадовгун ва Асадула КъурахIмаевгун. Хасав гьоболлъун гьенив вукIана «Ііадвуссин. Лъимал. ТIоцересел» проекталъул финалист ПабдулатIип Шахбанов.

Данделъи ахиралде щвана «ТIоцересезул багъа-бачари» регионалияб отделениялъул специалистас цIалдохъабазе ракIалдечIеялъул сайгъатал кьеялъунги тадбир гIуцIиялда нухда иналъе квербакъарав школалъул директор Рустам Гъайирбековасе баркала загьир гьабиялдалъунги.

***Наида Юсупова, «ТIоцересезул багъа-бачари» муниципалияб отделениялъул председатель.***

# Прокуратура информирует…

**По результатам принятых прокуратурой района мер осуществлена компенсация расходов на приобретение медицинского изделия инвалиду**

По результатам проведенной прокуратурой района проверки выявлен случай несоблюдения порядка и сроков выплаты компенсации за самостоятельно приобретенное техническое средство реабилитации инвалида.

Так, установлено, что местный житель является инвалидом 1 группы. Согласно индивидуальной программе реабилитации инвалида, ему рекомендован цифровой, заушный, сверхмощный слуховой аппарат, который должен быть предоставлен за счет средств федерального бюджета, аппарат приобретен инвалидом 15.07. 2021г.

После чего он обратился в ГУ РО Фонда социального страхования РФ по РД (далее ФСС) для выплаты компенсации за самостоятельно приобретенный слуховой аппарат, однако ФСС принято решение об отказе в выплате компенсации в связи с нечитабельностью кассового чека.

По выявленным нарушениям законодательства при предоставлении компенсации за самостоятельно приобретенное техническое средство реабилитации прокуратурой республики ранее проводилась проверка, и по его результатам ею в адрес руководителя ФСС внесено представление об устранении нарушений закона, которое рассмотрено. Вместе с тем, ФСС меры по компенсации за самостоятельно приобретенное техническое средство реабилитации не приняты.

В связи с чем прокуратурой в Ленинский районный суд г. Махачкалы направлено административное исковое заявление в интересах инвалида 1 группы об обязании фонда пенсионного и социального страхования РФ по РД выплатить компенсацию за самостоятельно приобретенное инвалидом техническое средство реабилитации, которое рассмотрено, удовлетворено и исполнено.

# Прокуратура разъясняет…

**Расширен список товаров легкой промышленности для маркировки**

Постановлением Правительства РФ от 13.11. 2023 № 1899 расширен список товаров легкой промышленности для маркировки.

Так, с 15 ноября 2023 года и до конца марта 2024 года участники оборота вправе маркировать ряд товаров легпрома, на которые ранее не наносили средства идентификации. Среди этих изделий:

- производственные и профессиональные комплекты, костюмы, куртки (пиджаки или жакеты) и блейзеры. Речь идет о спецодежде;
- трикотажные или вязаные рубашки для мужчин или мальчиков;
- джемперы, пуловеры, кардиганы, жилеты и аналогичные трикотажные, либо вязаные изделия;
- трикотажные или вязаные пальто, куртки, плащи, ветровки, спортивные и лыжные костюмы;
- платья и юбки из текстильных материалов, кроме трикотажных, либо вязаных.

Сведения о добровольной маркировке направляют в систему "Честный знак".

Обязанность наносить средства идентификации на эти изделия (их потребительскую упаковку, ярлык или этикетку) возникнет с 1 апреля 2024 года.

*Ш.М. Магомедов, помощник прокурора района*

# О проведении оперативно-профилактического мероприятия «Сектор»

***Уважаемые жители района!***

В целях выявления и предупреждения преступлений и административных правонарушений, совершаемых в жилом секторе, в том числе на почве семейно-бытовых отношений, на территории района, с 21 по 27 ноября 2023 года, проводится основной этап оперативно-профилактического мероприятия «Сектор».

Задачами вышеуказанной операции являются предупреждение, выявление, пресечение и раскрытие правонарушений, совершаемых в жилом секторе, в семейно-бытовой-сфере, в том числе лицами, состоящими на профилактических учетах ОМВД. Выявление административных правонарушений, с целью предотвращения преступлений общеуголовной направленности. Проведение профилактической работы с лицами, состоящими на профилактических учетах.

**В ходе проведения мероприятий будут проверены:**

- проведение профилактического обхода административных участков участковыми уполномоченными полиции, вручение населению визитных карточек;
- выявление и проверка профилактируемых лиц, иностранных граждан и лиц без регистрации, находящихся вне поля зрения полиции, лиц, разыскиваемых за совершение преступлений и лиц, принимавших участие в несанкционированных протестных акциях;
- объекты жилищной сферы на предмет антитеррористической защищенности (укрепленность подвалов и чердаков, дверей на подъездах жилых домов);

Также будет проводиться разъяснительная работа среди населения, особенно с несовершеннолетними, о недопустимости употребления наркотических средств психотропных веществ.

- также будет проведена поверка владельцев гражданского оружия и граждан, вернувшихся с территории проведения специальной военной операции, с информированием об ответственности за незаконный оборот оружия.

ОМВД призывает граждан сообщать о всех известных фактах совершения правонарушений, совершаемых в жилом секторе в дежурную часть ОМВД.

Тел. **89994188759 и 99-48-22.**

*Р.С. Алисултанов, начальник ОУУП и ПДН ОМВД, тел. 89994185632*

# РакIалдачIеялъул ахикь субботник тIобитIана

27 ноябралда, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьол ишал гьариялъул отделалъул къвербакъиялдалъун, дагьал цересIан къояз рагьараб «РакIалдчIеялъул ах» чIараб бакIалда субботник тIобитIана.

Гьенир гIахьаллъана гьеб отделалъе нухмалъулев Ибрагьим Булатханов,



ЖамгIияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаев, районалъул администрациялъул ва «Чапар» газеталъул хIалтIухъаби.

Субботникалда гIахьаллъараз къачIана бакIалда чIарал гъутIбузда сверухълъи, гьезде тIуна лъим ва гьаруна цогидал хIалтIаби.

И. Булатхановас гьениб гьабураб хIалтIул бицунеб кIалъаялда абуна: *«Гьадинал хIалтIаби гьанир, гьоркьоса къотIичIого, тIоритIизе руго. Гьаб ах ккола нилъер чIухIилъун ва СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал гIолохъаби ракIалдачIеялъе бугеб памятниклъун. Нилъеда тIадаб буго гьеб, кколеб хъулухъги гьабун, цIунизе. Жакъа нижеца гьабулеб хIалтIи ккола гьенир тIоритIизе ругел тадбиразул цояблъун",*-ан.




ХI. Адимирзаевасги гьабураб хIалтIуе кIудияб къимат кьуна.

*Гьес абуна: «Гьаниб ах чIей ккола кутакалда кIвар цIикIкIараб ишлъун. ГIолеб гIелалъе гьеб букIина мисаллъун ва нилъер гIолилазул бахIарчилъиялъе нугIлъун.*

Абизе ккола И. Булатхановас нухмалъи гьабулеб отделалъул хIалтIухъаби къанагIатги районалда тIоритIулел тадбиразда гьоркьоса камуларин. Гьезул ишазул хIакъалъулъ гIемер хъвана районалъул информациялъул алатазда.

РакIалдачIеялъул ахалъе кьучI лъезе байбихьаралдаса гьел гьенир тIоритIулел ишазулъаги камичIо.

*МахIмуд ДавудхIажиев*

# Обращение

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к жителям республики Дагестан с просьбой не использовать самодельное, несертифицированное газовое оборудование, а также категорически запрещает самовольную врезку в газопроводы.

В период прохождения отопительного сезона поставщик газа ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» предупреждает потребителей газа, что использование в быту несертифицированного газового оборудования может привести к трагедии.

Многие жители республики по-прежнему подвергают риску свои семьи и соседей самовольно устанавливая газовое оборудование не соответствующее требованиям газопотребления. Не меньшую угрозу представляет и самовольная прокладка газопроводов к частным домам, а также к коммерческим объектам.

Учитывая повышенную опасность подобных деяний, наказание за повторные случаи самовольного подключения было ужесточено федеральным законом № 229 от 29.07.2018г. Если прежде виновник уже был подвергнут административному наказанию, но при этом вновь совершил врезку в газопровод, ему грозит уголовная ответственность по части 1 статьи 215.3 УК РФ. Максимальное наказание, предусмотренное санкциями данной статьи-лишение свободы на срок до двух лет.

По всем возникающим вопросам с обеспечением газоснабжения и газификации можно обращаться в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» с 9 до 18 часов по многоканальному номеру «Контакт-центра» **8-800-200-98-04** (звонок бесплатный).

Для приема документов на заключение договоров на поставку газа (для коммерческих и бюджетных объектов) работает «Единое окно» **8 (8722) 67-32-98.**

# ХIурматиял цIалдолел!

Унеб буго 2024 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие «Чапар» газета хъваялъул кампания.

Арал соназго гIадин, гIуцIиялда кампания тIобитIиялъе учреждениябазда, организациябазда ва почтаялъул бухьеналъул отделениябазда гьоркьоб нижеца конкурсги лъазабун буго.

Гьарула нужеда гьеб гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе квербакъеян. Газета хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-6 моцIалъе 373 гъур. 08 коп., лъагIалие -746 гъур. 16 коп.**

*Редколлегия*

**БетIерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**